

**FÒM POU BAY KONSANTMAN POU ECHANJ ENFÒMASYON SOU SANTE ANT, CARE
EVERYWHERE AK HEALTHIX
HEALTH INFORMATION EXCHANGE, CARE EVERYWHERE
AND HEALTHIX CONSENT FORM**

Nan Fòm sa a pou bay Konsantman an, ou kapab chwazi si pou kite pwofesyonèl swen sante ki endike sou sitwèb NYU Langone Health System Health Information Exchange (“HIE”) <http://health-connect.med.nyu.edu/> (“Patnè HIE”) ak pwofesyonèl swen sante ki pa nan NYU Langone ki ka mande pou jwenn dosye medikal ou yo pou objektif tretman nan moman an (“Care Everywhere Providers”) pou jwenn dosye medikal ou yo nan yon rezo enfòmasyon HIE opere. Pou yon Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere kapab konnen enfòmasyon yo ka disponib nan HIE, ou dwe fè li konnen ou te/se yon pasyan yon Patnè HIE epi enfòmasyon yo ka disponib sou demann. Sa kapab ede rasanble dosye medikal ou genyen nan diferan kote ou resevwa swen sante, epitou sa kapab ede yo mete yo disponib pou pwofesyonèl swen sante k ap trete ou.

In this Consent Form, you can choose whether to allow the health care providers listed on the NYU Langone Health System Health Information Exchange (“HIE”) website <http://health-connect.med.nyu.edu/> (“HIE Participants”) and non-NYU Langone health providers who may request access to your medical records for purposes of current treatment (“Care Everywhere Providers”) to obtain access to your medical records through a computer network operated by the HIE. In order for a Care Everywhere Provider to know that information may be available through the HIE, you must tell them that you were/are a patient of an HIE Participant and that such information may be available upon request. This can help collect the medical records you have in different places where you get health care, and make them available to the providers treating you.

Ou ka itilize Fòm sa a pou bay Konsantman an, dosye elektwonik sou sante ou ajan, oswa manm ekip medikal s NYU Langone Health System ak enstitisyon afilye yo pou yo wè ak jwenn dosye elektwonik sou sante ou nan Healthix, ki se yon Echanj Enfòmasyon sou Sante Exchange, oswa òganizasyon Rejyonal Enfòmasyon sou Sante, yon òganizasyon ki pa komèsyal ki gen rekonesans Eta N ew York. Sa kapab ede yo tou rasanble dosye medikal ou genyen nan anpil kote diferan kote ou resevwa swen sante, epitou sa kapab ede yo mete yo disponib sou fòm elektwonik pou pwofesyonèl swen sante k ap trete ou. Konsantman sa a bay pèmisyon ou tou pou nenpòt pwogram NYU Langone ak enstitisyon afilye kote ou se yon pasyan oswa manm, pou yo jwenn dosye ou yo nan klinik lòt pwofesyonèl swen sante ki otorize pou divilge enfòmasyon yo nan Healthix. Yon lis Sous Enfòmasyon Healthix ki konplè ak ajou disponib nan Healthix epi ou kapab jwenn yo nenpòt lè depi ou tcheke sitwèb Healthix nan <http://www.healthix.org> oswa depi ou rele nimewo 877-695-4749. Si ou fè demann lan, pwofesyonèl swen sante ou ap enprime lis sa a pou ou nan sitwèb sa a.

You may also use this Consent Form to decide whether or not to allow employees, agents or members of the medical staffs of NYU Langone Health System and affiliated entities to see and obtain access to your electronic health records through Healthix, which is a Health Information Exchange, or Regional Health Information Organization, a not-for-profit organization recognized by the state of New York. This can also help collect the medical records you have in different places where you get healthcare, and make them available electronically to the providers treating you. This consent also gives your permission for any NYU Langone Health System and affiliated entities program in which you are a patient or member, to access your records from your other healthcare providers authorized to disclose information through Healthix. A complete list of current Healthix Information Sources is available from Healthix and can be obtained at any time by checking the Healthix website at <http://www.healthix.org> or by calling 877-695-4749. Upon request, your provider will print this list for you from this website.

CHWA OU FÈ A P AP AFEKTE POSIBLITE OU POU JWENN SWEN MEDIKAL OSWA PWOTEKSYON ASIRANS SANTE. CHWA OU FÈ POU BAY OSWA POU REFIZE BAY KONSANTMAN OU KA PA YON REZON POU JWENN REFI POU SÈVIS SANTE A.

YOUR CHOICE WILL NOT AFFECT YOUR ABILITY TO GET MEDICAL CARE OR HEALTH INSURANCE COVERAGE. YOUR CHOICE TO GIVE OR TO DENY CONSENT MAY NOT BE THE BASIS FOR DENIAL OF HEALTH SERVICES.

HIE ak Healthix divilge enfòmasyon sou sante moun sou fòm elektwonik ak yon fason pwoteje pou amelyore kalite sèvis swen sante a. Kalite divilgasyon sa a rele ehealth oswa teknoloji enfòmasyon sou sante. Pou jwenn plis enfòmasyon sou ehealth nan Eta New York, li tiliv ki rele, “Better Information Means Better Care” (Pi Bon Enfòmasyon Vle di Pi Bon Swen Sante). Ou kapab mande pwofesyonèl swen sante ou sa, oswa ou kapab ale sou sitwèb www.ehealth4ny.org.

The HIE and Healthix share information about people’s health electronically and securely to improve the quality of health care services. This kind of sharing is called ehealth or health information technology. To learn more about ehealth in New York State, read the brochure, “Better Information Means Better Care”. You can ask your health care provider for it, or go to the website www.ehealth4ny.org.

TANPRI LI ENFÒMASYON KI SOU FÈY ENFÒMASYON AN AVÈK ANPIL ATANSYON ANVAN OU PRAN DESIZYON OU. Chwa ou yo pou Konsantman an. Ou kapab ranpli fòm sa a kounye a oswa pidevan. Ou gen chwa ki endike anba la yo:

PLEASE CAREFULLY READ THE INFORMATION ON THE FACT SHEET BEFORE MAKING YOUR DECISION. Your Consent Choices. You can fill out this form now or in the future. You have the following choices:

Tanpri fè yon ti kwa nan yon kaz. ki anba la:

Please check one box below:

1. MWEN BAY KONSANTMAN pou TOUT Patnè HIE **ki endike sou sitwèb HIE** ak Care Everywhere Providers jwenn TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante mwen nan HIE epitou **MWEN BAY KONSANTMAN** pou TOUT anplwaye, ajan ak manm ekip medikal NYU Langone Health System ak enstitisyon afilye yo jwenn TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante mwen nan HEALTHIX anrapò avèk nenpòt objektif yo aksepte ki dekri nan fèy enfòmasyon an, tankou pou yo ban mwen nenpòt sèvis swen sante, ak swen sante annijans tou.

1. **I GIVE CONSENT** to ALL of the HIE Participants **listed on the HIE website** and Care Everywhere Providers to access ALL of my electronic health information through the HIE and **I GIVE CONSENT** to ALL employees, agents and members of the medical staffs of NYU Langone Health System and affiliated entities to access ALL of my electronic health information through HEALTHIX in connection with any of the permitted purposes described in the fact sheet, including providing me any health care services, including emergency care.

2. MWEN PA BAY KONSANTMAN pou Patnè HIE **lki endike sou sitwèb HIE** ak Care Everywhere Providers pou yo jwenn enfòmasyon elektwonik sou sante mwen nan HIE epi **MWEN PA BAY KONSANTMAN** pou anplwaye, ajan ak manm ekip medikal NYU Langone Health System ak enstitisyon afilye yo jwen enfòmasyon elektwonik sou sante mwen nan HEALTHIX pou nenpòt rezon, *menm nan yon ijans medikal*.

2. **I DENY CONSENT** to the HIE Participants **listed on the HIE website** and Care Everywhere Providers to access my electronic health information through the HIE and **I DENY CONSENT** to employees, agents and members of the medical staffs of NYU Langone Health System and affiliated entities to access my electronic health information through HEALTHIX for any purpose, *even in a medical emergency*.

NÒT: SOF SI OU FÈ YON TI KWA NAN KAZ “MWEN PA BAY KONSANTMAN” lwa Eta New York, ap pèmèt moun k ap trete ou yo nan yon ijans jwenn dosye medikal ou yo, tankou dosye ki disponib nan HIE ak HEALTHIX. SI OU PA FÈ YON CHWA, nou p ap divilge dosye yo sof nan yon ijans jan Lwa Eta New York bay otorizasyon pou sa.

NOTE: UNLESS YOU CHECK THE “I DENY CONSENT” BOX, New York State law allows the people treating you in an emergency to get access to your medical records, including records that are available through the HIE and HEALTHIX. **IF YOU DON'T MAKE A CHOICE,** the records will not be shared except in an emergency as allowed by New York State Law.

Ekri Non Pasyan an avèk Lèt Detache
Print Name of Patient

Dat Nesans Pasyan an
Patient's Date of Birth

Dat
Date

Siyati Pasyan an oswa Reprèzantan Legal
Pasyan an Patient's Legal Representative
Signature of Patient or Patient's Legal
Representative

Ekri Non Reprèzantan Legal Pasyan an avèk Lèt Detache
akb sa li ye pou Pasyan an (isit li posib)
Print Name of Legal Representative and Relationship (if
applicable)

NYU Langone HIE, Care Everywhere, ak Healthix Fèy Enfòmasyon

Detay sou enfòmasyon sou pasyan yo bay nan HIE, Care Everywhere ak Healthix ak pwosesis pou bay konsantman an:

- 1. Fason Nou Pral Itilize Enfòmasyon Ou Yo.** Patnè HIE yo ak Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere pral itilize enfòmasyon elektwonik sou sante ou sèlman pou:
 - Yo ba ou tretman medikal ak sèvis ki asosye yo.
 - Tcheke si ou gen asirans sante ak si li ba ou pwoteksyon.
 - Evalye epi amelyore kalite swen medikal yo bay pou tout pasyan yo.

Sof si lwa Leta a ak lwa federal bay lòt kalite pèmisyon, epi si Healthix bay pèmisyon tou, plan asirans swen sante yo dwe divilge enfòmasyon elektwonik sou sante ou, jwenn yo, epi itilize yo sèlman pou:

- Bay Aktivite Kontwòl Swen Sante. Kèk nan aktivite sa yo se ede ou jwenn swen medikal kòm sadwa, amelyore kalite sèvis swen sante yo ba ou, kowòdone distribisyon plizyè kalite sèvis swen sante yo ba ou, oswa sipòte ou nan swiv yon plan swen medikal.
- Bay Aktivite pou Amelyorasyon Kalite Swen Sante a. Kèk nan aktivite sa yo se evalye epi amelyore kalite swen medikal yo ba ou ak tout pasyan ak manm yo.

NÒT: Chwa ou fè nan Fòm Konsantman sa a P AP pèmèt konpayi asirans sante yo jwenn enfòmasyon ou pou yo decide si pou yo ba ou asirans sante oswa si pou yo peye bòdwo ou yo. Ou kapab fè chwa sa a nan yon fòm Konsantman apa konpayi asirans sante yo dwe itilize.

- 2. Ki Kalite Enfòmasyon Sou Ou ki Endike.** Si ou bay konsantman ou, Patnè HIE yo ak Pwofesyonèl swen sante Care Everywhere ka jwenn TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante ou ki disponib nan HIE, epi tout anplwaye, ajan, ak manm ekip medikal NYU Hospitals Center ka jwenn TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante ou ki disponib nan Healthix. Sa gen ladan enfòmasyon yo kreye anvan ak apre dat ki nan Fòm Konsantman sa a. Dosye sante ou ka gen ladan yon istwa maladi oswa chòk ou te genyen (tankou dyabèt oswa yon zo kase), rezilta tè (tankou radyografi oswa tè san), ak lis medikaman ou te pran yo. Enfòmasyon sa yo ka konsène pwoblèm sante sansib, tankou, men pa sèlman:

<ul style="list-style-type: none">• Pwoblèm itilizasyon alkòl ak dwòg• Metòd pou pa ansent ak avòtman (planin familyal)	<ul style="list-style-type: none">• Tretman sante mantal• Alèji• Maladi jenetik (ou eritye) oswa tè jenetik• Maladi moun pran nan fè bagay• VIH/SIDA
--	--

- 3. Kote Enfòmasyon sou Sante Ou Soti.** Enfòmasyon sou sante ou soti nan kote ki te ba ou swen medikal oswa asirans sante ("Sous Enfòmasyon"). Sous sa yo se ka lopital, doktè, famasi, laboratwa klinik, konpayi asirans sante, pwogram Medicaid, ak lòt òganizasyon ehealth ki fè echanj enfòmasyon sou sante sou fòm elektwonik. Yon lis konplè dènye Sous Enfòmasyon HIE disponib nan NYU Langone Health System oswa nan klinik pwofesyonèl swen sante Patnè HIE ou, jan sa posib. Ou kapab jwenn yon dènye lis Sous Enfòmasyon nenpòt lè depi ou ale sou sitwèb HIE nan <http://health-connect.med.nyu.edu/>. **Ou kapab kontakte Fonksyonè ki Responsab Konfidansyalite Enfòmasyon sou Sante nan NYU Langone depi ou voye yon lèt nan adrès: NYU Langone Health, Privacy Officer, One Park Ave, 3^{yèm} Etaj, New York, NY 10016 oswa depi ou rele nimewo 212-404-4079. Yon lis konplè dènye sous Enfòmasyon Healthix disponib nan Healthix, epi ou kapab jwenn li nenpòt lè depi ou ale sou sitwèb Healthix nan <http://www.healthix.org> oswa depi ou rele Healthix nan nimewo 877-695-4749.**

4. **Moun Ki Ka Jwenn Enfòmasyon Sou Ou, Si Ou Bay Konsantman Ou.** “NYU Langone Health System ak filyal li yo” jan nou itilize li nan fòm konsantman sa a gen ladan NYU Langone Hospitals, NYU School of Medicine, Family Health Centers ki nan NYU Langone, NYU Winthrop Hospital ak Afilye Medikal NYU Winthrop. Se sèlman moun sa yo ki nan sant medikal sa yo ki ka jwenn enfòmasyon sou ou: doktè ak lòt pwofesyonèl swen sante ki sèvi nan ekip medikal yon Patnè HIE ki apwouve oswa Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere ki patisipe nan swen medikal ou; pwofesyonèl swen sante ranplase oswa ki desèvis pou yon Patnè HIE apwouve oswa doktè Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere; ekip yo chwazi ki patisipe nan amelyorasyon kalite nan aktivite jesyon swen sante; ak manm ekip yon Patnè HIE apwouve oswa Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere ki fè aktivite dapre pèmisyon Fòm Konsantman sa a jan sa dekri anwo a nan paragraf en.
 5. **Sanksyon pou Aksè Enkòrèk nan Enfòmasyon Ou yo oswa pou Move Itilizasyon yo.** Gen sanksyon pou aksè ki pa apwopriye nan enfòmasyon elektwonik sou sante oswa pou itilizasyon yo. Si nenpòt lè ou sispèk yon moun ki pa ta dwe ni wè ni jwenn enfòmasyon sou ou fè sa, rele youn nan Patnè HIE yo oswa Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere ou te apwouve pou jwenn dosye ou yo; ale sou sitwèb HIE: <http://health-connect.med.nyu.edu/> oswa rele Depatman Sante NYS nan nimewo. 877-690-2211. Si nenpòt kilè ou sispèk yon moun pa ta dwe ni wè ni jwenn enfòmasyon sou ou ta fè sa nan Healthix, rele Healthix nan nimewo: 877-695-4749; oswa ale sou sitwèb Healthix: <http://www.healthix.org/>; oswa rele Depatman Sante nan nimewo 877-690-2211.
 6. **Re-Divilgasyon Enfòmasyon yo.** Yon Patnè HIE oswa yon Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere ka re-divilge nenpòt enfòmasyon elektwonik sou sante ou ba lòt moun sèlman nan limit lwa ak règleman leta ak federal bay pèmisyon pou sa fèt. Sa vrè tou pou enfòmasyon sou sante sou ou ki egziste sou yon fòm nan papye. Jan sa endike nan #2 anwo a, si ou bay konsantman ou, TOUT enfòmasyon elektwonik sou sante ou, ansanm ak enfòmasyon sansib sou sante ou ap disponib nan HIE ak Healthix. Kèk lwa leta ak lwa federal bay pwoteksyon espesyal pou kèk kalite enfòmasyon sansib sou sante, tankou enfòmasyon ki asosye avèk: (i) evalyasyon ou, tretman ou oswa egzaminasyon yon pwoblèm sante sèten pwofesyonèl swen sante fè pou ou; (ii) VIH/SIDA; (iii) maladi mantal; (iv) reta mantal ak andikap devlopman; (v) abi alkòl/dwòg, epi (vi) tès jenetik yo konnen rezilta yo davans. Yo dwe swiv kondisyon espesyal yo kèlkeswa lè moun yo resevwa kalite enfòmasyon sansib sa yo sou sante ou. HIE, Healthix ak moun yo, tankou Pwofesyonèl Swen Sante Care Everywhere, ki jwenn enfòmasyon sa yo avèk echanj enfòmasyon sa yo sou sante dwe konfòme yo avèk egzijans sa yo.
 7. **Peryòd Konsantman an Anvigè.** Fòm Konsantman sa a ap rete anvigè jouk nan jou ou anile konsantman ou oswa jouk lè HIE sispann operasyon, oswa jouk 50 tan apre ou mouri, kèlkeswa sa ki fèt apre a.
 8. **Fason pou Anile Konsantman Ou.** Ou kapab anile konsantman ou nenpòt lè depi ou siyen yon Nouvo Fòm pou Bay Konsantman epi ou chwazi **MWEN PA BAY KONSANTMAN**. Ou kapab jwenn fòm sa yo sou sitwèb HIE nan <http://health-connect.med.nyu.edu/>. Lè ou fini, tanpri fakse li nan nimewo 917-829-2096 oswa soumèt li ba pwofesyonèl swen sante ou.
- Nòt: Òganizasyon yo, tankou Care Everywhere Providers Everywhere, ki jwenn enfòmasyon sou sante ou avèk HIE ak/oswa Healthix pandan konsantman ou anvigè ka fè kopi oswa ajoute enfòmasyon ou yo nan dosye medikal pa yo. Menmsi ou decide anile konsantman ou pita, yo pa gen obligasyon pou retounen li oswa pou retire li nan dosye yo.**
9. **Si Ou Refize Fè yon ti kwa nan yon Kaz (fè yon chwa)** Sof si ou fè yon ti kwa nan kaz “**MWEN PA BAY KONSANTMAN**” x, lwa Eta New York ap pèmèt moun k ap trete ou nan yon ijans jwenn dosye medikal ou yo, tankou dosye ki disponib nan HIE. Si ou pa fè yon chwa, nou p ap divilge dosye yo sof nan yon ijans, jan Lwa Eta New York bay pèmisyon pou sa.
 10. **Kopi Fòm nan.** Ou gen dwa pou resevwa yon kopi Fòm Konsantman sa a apre ou siyen li.
 11. **Risk ki Genyen Si Ou Pa Bay Konsantman Ou.** Si ou refize bay konsantman ou pou Patnè HIE ak Care Everywhere Providers jwenn enfòmasyon ou yo nan HIE ak Healthix, pwofesyonèl swen sante ou yo pa kapab jwenn enfòmasyon enpòtan sou sante ou, yo te jwenn pandan yon rankont anvan, nan yon manyè ki apwopriye.